



Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo

Howard Teitelbaum  
Direktè Lekòl la

Mwa Dawou 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl **Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26**, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fammi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 k ap kòmanse Jedi 4 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwonman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantre lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki déjà sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

#### **PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL**

***Ane lekòl 2025-2026 la, ap kòmanse Jedi 4 Septanm 2025. Enstriksyon ap fèt nan lè 8:20 a.m. pou rive 3:00 p.m.*** Nan lide pou ede fasilité bon jan tranzisyon ak lòd pandan tan lekòl ap rantre ou byen ap ranvwaye, nou mande ou tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:

#### **Tan pou Aprantisaj:**

- Lekòl la fonksyone apati 7:30 a.m. pou 3:00 p.m. pou elèv nan Klas Kindergarten - 8.
- Lekòl la fonksyone apati 8:20 a.m. to 3:00 p.m. pou elèv ki nan Pre-K ak Klas “Self-contained Autism.”
- Pòt yo ap louvre pou elèv nan Klas Kindergarten – 8 apati 7:00 a.m.

#### **Rantre:**

- Elèv nan Klas **Pre-K - 3** ap rantre nan Pòt Prensipal la.
- Elèv nan Klas **4 - 8** ap rantre nan Pòt sou kote a.

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26



### **Ranvwa:**

- Elèv nan Klas Pre-K ak Kindergarten ap soti nan Pòt Prensipal la.
- Elèv nan klas 1 - 3 ap sòti apati de Kafeterya.
- Elèv nan Klas 4 – 8 ap sòti nan pòt sou kote a.

N ap fè w konnen ap genyen manm estaf deyò a, pou ede tout moun pandan premye semèn lekòl la.

---

### **KALANDRIYE LEKÒL EPS**

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026, tanpri vizite lyen sa a:

---

#### **Pre-K:**

[SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2025-2026.pdf \(epsnj.org\)](#)

---

#### **K-8:**

[School Calendar for 2025-2026.pdf \(epsnj.org\)](#)

---

### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN**

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesesè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Lendi 18 Dawou.

### **ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS**

Paran novo elèv yo dwe mande yon novo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesesè pou navege Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navege PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26



Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool ptit ou, tanpri kontakte lekòl ptit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](#). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl ptit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumet demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

---

### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV**

#### **K-8:**

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navege PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

---

### **RÈGLEMAN POU INIFÒM**

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilité disiplin ansanm ak ledikasyon. *Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chac jou.*

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl ptit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade "***Uniform and Dress Code Policies***" epi swiv enstriksyon ki bay.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè ptit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan Jedi 4 Septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

---

### **APAREY ELEKTWONIK**

#### **Pre-K:**

Emplémentasyon « iPads » nan klas matènèl bay yon opòtinite pou elèv pi piti nou yo devlope jan yo aprann ak teknik atravè eksperyans ki apwopriye pou developman yo. Pandan « iPad » ka sèvi kòm yon zouti pou ede ranfòse ladrès nan domèn lekti, ekriti ak matematik, li kapab tou bay elèv lekòl matènèl opòtinite pou envestige, eksploré, ak kreye nan anviwònman timoun piti.

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26



*Every Child, Achieving Excellence*

Aplikasyon iPad entegre san pwoblèm nan kourikoulòm lekòl matènèl nan lè aktivite anndan klas la. iPad amelyore edikasyon elèv yo pandan li bay yo opòtinite pou rakonte ak kreye pwòp istwa yo, envestige ak eksploré nouvo kote enteresan ak divès kilti, kaptire aprantisaj yo atravè pòtfolyo elèv yo kreye, epi ranfòse konpetans atravè liv ak aplikasyon pou aprantisaj.

## K-8:

**Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezulta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo.** Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesesè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

## NOUVO ELÈV

Tout novo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

### RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

### ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou sikse akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsonèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26



Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl ptit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominate lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou ptit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

---

#### **DISTRI/ ENFÒMASYON POU LEKÒL**

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsonèl ou regilyèman:

- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
  - Avi Konsènan egzamen fizikal
  - Fòm Media Release
  - Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
  - Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
  - Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
  - Aplikasyon pou manje midi
- 

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou ptit ou” epi swiv enstriksyon yo.

---

#### **RÈGLEMAN SOU VAKSEN**

##### **Pre-K:**

Tanpri, nou vle ou konnen Depatman Sèvis Sante Eta New Jersey chanje plizyè egzijans sou vaksinasyon. Tout timoun ki ale nan sant gadri ak lekòl matènèl ki gen lisans oblige pran vaksen kont grip chak ane.

Tanpri, li nesesè pou ou bay prèv ptit ou resevwa vaksen. Bay li pi vit posib e pa pita pase 23 desanm 2025. N ap ranvwaye elèv ki pa gen dokiman nesesè apati **5 Janvye 2026**.

##### **K-8:**

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26



*Every Child, Achieving Excellence*

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre premye Janvye 1997, ki nan klas 6, **pou resevwa boustè dòz “diphtheria, tetanus and pertussis vaccine (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal vaccine.”** Pote bay enfimyè lekòl la tout dokiman, papye vaksinasyon ki pwouve ptit ou k ap antre nan klas 6, nan dat **Jedi, 4 Septanm, 2025.**

Elèv k ap antre nan Klas 6zyèm ane, ki fèt nan dat oubyen apre **Jedi 4 Septanm, 2025** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo. Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan ptit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an rapidman apre randevou a. Lalwa oblige Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire tout elèv resevwa vaksen yo mande yo.

**Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou yon randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.**

---

#### **TRANSPÒTASYON**

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
  - Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
  - Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò
- 

#### **FOUNITI POU LEKÒL**

##### **Pre-K:**

Nan premye jou lekòl la, tanpri voye ptit ou lekòl ak founiti sa yo :

- 1 pakè konplè ki genyen rad tankou (chemiz, pantalon, chosèt, ak souvètman), TOUT BAGAY sa yo dwe gen non ak siyati ptit ou sou li. Mete non ptit ou sou tis ache ak zip ki gen rad yo tou. Rad sa yo ap itil si ptit ou gen bezwen pou chanje. Rad yo pa oblige inifòm.)
- 1 NAP MATT ki gen non ptit ekri ou sou li. (Ou kapab achte 1 nan magazen *Walmart* pou anviwon \$25 – Li fasil pou lave, epi li byen chita sou kabann nou genyen pou elèv yo. Chak Vandredi n ap voye 1 lakay epi w ap pote 1 tounen nan Lendi.
- Bwat tisi papye pou siye nen ak figi

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26



- Bwat (Wipes) dezenfektan,
  - Bwat (Wipes) pou ti Bebe
  - Bwat gan gwosè (Medium)
  - 2 Foto Fanmi ak pitit ou
  - 1 Sak lekòl ki gen ase kapasite pou kenbe (Nap Mat la). Tanpri pa voye *ti sakodo*
- 

#### **RETOUNEN LEKÒL ASWÈ**

Nou kontan anpil pou kòmanse nouvèl ane lekòl la, epi n ap tann pou nou rankonstre paran/gadyen nan Sware Retounen Lekòl la, nan jou Madi 7 **Oktòb, 2025 apati 6:30 p.m.**

---

Nou espere nou tout ap kontinye jwi rès Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm *Jedi 4 Septanm*.

Sensèman,

Howard Teitelbaum,  
Direktè

Dr. Orlando Edreira Academy School No. 26